**Муниципальное бюджетное общеобразовательное учреждение средняя общеобразовательная школа с.Мичурино Ардонского района РСО-Алания**

| «Рассмотрено» | «Согласовано» | «Утверждаю» |
|---|---|---|
| На МО школы | зам.директора по УВР | Директор школы |
| Рук-ль_____Вазиева Л.В. | ___________Беленко Н.М. | ________Гаглоева Б.Н. |
| Протокол № 1 | «31»__08__2022г. | «__»______2022г. |
| От «31»__08__2022г. | | |

# Кусæн программæ

# ирон æвзагæй

# 6 къласæн

**Ирон æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнæг: Уазиты Л.В.**

**2022-2023 ахуыры аз.**

***Æмбарынгæнæн фыстæг 6 –æм къласы ирон æвзаджы программæмæ***

***- Ирон æвзаг. 6 кълас. Кокайты Л. Х. Дзæуджыхъæу: СЕМ, 2014***

***Афæдзы дæргъы – 51 сахат***

**Кусæн программæ ирон æвзагæй 6-æм къласæн**

Кусæн программæ цæттæгонд у Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы ахуырад æмæ наукæйы Министрады уынаффæмæ гæсгæ фидаргонд программæйы бындурыл (Ирон æвзаджы программæ 1-11 кълæстæн. – Дзæуджыхъæу: СЕМ, 2014. – 76 ф.).

Къæлиндарон-тематикон пъланы бæрæггонд æрцыдысты канд æвзаджы темæтæ нæ, фæлæ ныхасы темæтæ дæр, 6-æм къласы ирон æвзаджы чиныджы куыд лæвæрд сты, афтæмæй (Ирон æвзаг: ахуыргæнæн чиныг / Кокайты Л. - Дзæуджыхъæу: СЕМ, 2014. – 192ф.)

***Предметы актуалондзинад***

Æвзаг у адæмы уд æмæ зонд: цалынмæ æвзаг цæра, уæдмæ цæрынц адæм дæр, рæзы æмæ фидар кæны сæ национ культурæ, сæ национ хиæмбарынад. Уымæн ауыдынц ирон æвзагыл нæ дзыллæтæ æмæ уымæн домынц, цæмæй мадæлон æвзаджы кад нæ адæмы æхсæн бæрзонддæр ист æрцæуа, цæхгæр фæхуыздæр уа йæ ахуыр кæныны хъуыддаг. Уыцы хæстæ æххæст кæны скъола.

Ирон æвзаг у нæ республикæйы паддзахадон æвзæгтæй иу, ирон адæмы мадæлон æвзаг. Куыд уырыссаг, афтæ ирон æвзаг дæр у **филологон циклы** иу хай æмæ рæзын кæны скъоладзауы коммуникативон культурæ, æххуыс ын кæны йæ ныхасы рæзтæн, уæрæх ын кæны йæ дунембарынад, хъомыл æй кæны нæ адæмы хуыздæр традицитæ æмæ æгъдæуттыл. Ирон æвзаг ахуыр кæнын, уымæй, куыд æмбæлы, афтæ пайда кæнын у стыр ахъаз фæсивæды патриотизмыл хъомыл кæнын, фидæны æхсæнад араздзыты цæттæ кæныны хъуыддаджы. Мадæлон æвзаг зонын у нæ культурæйы ахсджиагдæр фæрæзтæй иу.

***Ирон æвзаг ахуыр кæныны нысантæ:***

- ахуырдзаутæн æвзаджы тыххæй иумæйаг зонындзинæдтæ раттын; бацамонын, алы адæмæн дæр йе æвзаг йæ национ хæзна кæй у, хъахъхъæнын æй кæй хъæуы;
- ахуырдзауты дзырдуат æмæ грамматикон зонындзинæдтæ фæхъæздыгдæр кæныныл бакусын;
- дзургæ æмæ фысгæ ныхасы рæзтыл бакусын, скъоладзауты коммуникативон арæхстдзинæдтæ æмæ зонындзинæдтæ фæуæрæхдæр кæнын;
- литературон æвзаджы нормæтимæ базонгæ кæнын, ныхасы уавæртæм гæсгæ сæ раст пайда кæныныл ахуыр кæнын.

***Ирон æвзаджы 6 къласы ахуырадон программæ арæзт у:***

- Уæрæсейы Федерацийы закъон «Ахуырады тыххæй»;
- Ног ахуырадон стандарттæ;
- Цæгат Ирыстон-Аланийы модернизацийы комплексон проект;
- Ирон национ ахуырады концепци ;
- Приоритетон национ проект «Нæ ног скъола»;
- Республикон программæ «Ирон æвзаг æмæ литературæйы программæ 1-11 кълæстæн»; йæ автортæ: **Тахъазты Харум, Дзампаты Ларисæ, Дзодзыккаты Зæидæ, Цопанты Ритæ**.

Программæ сфидар кодта Республикæ Цæгат Ирыстоны – Аланийы Иумæйаг æмæ профессионалон ахуырады министрад.

Регионалон базисон ахуырадон пъланмæ гæсгæ ирон æвзаг ахуыр кæнынæн 6 къласы дих гонд **70 сахаты** афæдзмæ, къуыримæ та - **2** сахаты.

Стандартты домæнтæм гæсгæ арæзт программæтæ æмæ ахуыртæ «филологи»-йæ арæзт у ахæм уагыл.

*Мадæлон æвзаг***:**

1) ныхасы хуызтæй (хъусын, кæсын, дзурын, фыссын) арæхстджындæрæй пайда кæныныл куыстмæ,

2) æвзаджы ахадындзинад адæймаджы интеллектуалон æмæ сфæлдыстадон рæзты, ахуыры æмæ хиуыл куысты бацамонынмæ (бамбарын кæнынмæ);
3) мадæлон æвзаджы коммуникативон-эстетикон гæнæнтæй пайда кæнынмæ арæхсын;
4) æвзаджы тыххæй наукон æмæ системон зонындзинæдтæ раттынмæ; æвзаджы хæйтты æмæ иуæгты бастдзинад бацамонынмæ; лингвистикæйы бындурон æмбарынæдтæ, æвзаджы иуæгты æмæ сæйрагдæр грамматикон категоритæ базонынмæ;
5) дзырды алыхуызон æвзæрстытæ (фонетикон, морфемон, дзырдарæзтон, лексикон, морфологион) дзырдбæстыты æмæ хъуыдыйæдты синтаксисон анализ, тексты иумæйаг æвзæрст бацамонынмæ, пайда сæ кæнынмæ;
6) дзырдуат хъæздыг кæнынил куыстмæ; ныхасы уавæр æмæ стильмæ гæсгæ, хъæугæ грамматикон мадзæлттæй раст пайда кæнгæйæ, хи хъуыдытæ æргом кæныныл куыстмæ;
7) æвзаджы сæйрагдæр стилистикон æмæ лексикон-фразеологион фæрæзтæй, литературон æвзаджы нормæтæй (орфоэпион, лексикон, грамматикон, орфографион, пунктуацион), ныхасы этикетон нормæтæй пайда кæнынмæ арæхсын; дзургæ æмæ фысгæ ныхас аразгæйæ сæ пайда кæнын зонынмæ; хи ныхасы аивдзинад æмæ хъæздыгдзинадыл кусынмæ;
8) мадæлон æвзаг адæмы стырдæр хæзнатæй иу кæй у, уый æнкъарынмæ; æвзаджы сыгъдæгдзинад æмæ культурæмæ бæрнон цæстæй кæсынмæ.

***Программæмæ гæсгæ мадæлон æвзаг ахуыр кæныны фæстиуджытæ сты ахæмтæ:***

***Удгоймагон (личностные) фæстиуджытæ:***

1) скъоладзау хъуамæ бамбара, ирон æвзаг ирон адæмы национ-культурон хæзна кæй у, уый; мадæлон æвзаджы ахадындзинад стыр кæй у адæймаджы интеллектуалон æмæ сфæлдыстадон гæнæнтæ райрæзынæн, удварн хъæздыгдæр кæнынæн;

2) бамбарын ирон æвзаджы эстетикон нысаниуæг; рæзын кæнын мадæлон æвзагæн аргъ кæнын, хи æвзагæй сæрыстыр уæвыны æнкъарæнтæ; ирон æвзаг ирон адæмы стырдæр хæзнатæй иу кæй у, уый бамбарын; æвзаджы сыгъдæгдзинад æмæ культурæмæ бæрнон цæстæй кæсын фæцалх уæвын;

3) ныхас кæнгæйæ, ирон æвзаджы дзырдуат æмæ грамматикон мадзæлттæй раст пайда кæнын; хи ныхасмæ хъус дарын.

***Метапредметон фæстиуджытæ сты:***

• ныхасы хуызтæй пайда кæнынмæ арæхсын: хорз æмбарын дзургæ æмæ фысгæ ныхасы мидис (ныхасы сæр, тексты темæ, сæйраг хъуыды; сæйраг æмæ уæлæмхасæн информаци);
• стилистикон æгъдауæй æмæ сæ жанртæм гæсгæ алыхуызон чи у, ахæм тексттæ кæсын зонын (æвзаргæ каст, æмбаргæ каст æмæ æнд.);
• бакаст æрмæгæй (Интернетæй, дзыллон информацион фæрæзтæй, ахуырадон компакт-дисктæй) хъæугæ информаци равзарын зонын, алыхуызон дзырдуæттæй пайда кæнынмæ арæхсын;
• арæхсын темæмæ гæсгæ æрмæг сæмбырд кæнынмæ, раст фæткыл æй равæрынмæ; хибарæй хъæугæ информаци ссарынмæ;
• алыхуызон текстты мидис кæрæдзиуыл барын, сæ стилистикон æмæ æвзаджы хицæндзинæдтæ иртасын;
• текст хи ныхæстæй радзурынмæ, текстæн пълан бацæттæ кæнынмæ, конспект ныффыссынмæ, аннотаци бацæттæ кæнынмæ;
• ныхасы уавæрмæ гæсгæ аразын, сæ функционалон хуызтæ, стилистикон ахуырст æмæ жанртæм гæсгæ алыхуызон чи сты, ахæм тексттæ;
• тексты арæзтмæ хъус даргæйæ, хи хъуыдытæ фысгæ æмæ дзургæ ныхасы хуызы æргом кæнынмæ;
• монологон ныхас (таурæгъ, æрфыст, тæрхон) аразынмæ; диалогон ныхасæй пайда кæнынмæ;
• хи ныхас аразын литературон æвзаджы орфоэпион, лексикон, грамматикон, стилистикон нормæтæм гæсгæ; фысгæ ныхасы пайда кæнын орфографион æмæ пунктуацион æгъдæуттæй (нормæтæй);
• дзургæйæ ныхасы этикетон нормæтæм хъус дарын;
• ахуырты рæстæг хи ныхасы хъæд æмæ мидисмæ хъус дарын зонын, хи ныхасы рæдыдтытæ раст кæнынмæ арæхсын; хи арæзт тексттæ редакци кæнын зонын;
• ахуырты (урокты) рæстæг æмгæртты ’хсæн раныхас кæнынмæ арæхсын; арæхсын чысыл доклад кæнæ рефераты мидис раргом кæнынмæ; диспутты æмæ быцæуты архайын зонын, хи хъуыдыйы растдзинад бафидар кæнынмæ арæхсын.

***Предметон фæстиуджытæ сты:***

1) æвзаджы сæйраг функцитæ иртасын; ирон æвзаджы паддзахадон нысаниуæг цæй мидæг ис, æвзаг æмæ адæмы культурæйы бастдзинад цы нысан кæны, мадæлон æвзаджы ахадындзинад адæймаджы царды;
2) ирон æвзаджы наукон бындуртæ; ирон æвзагзонынады хæйттæ æмæ иуæгтæ, сæ бастдзинад;

3) лингвистикæйы бындурон æмбарынæдтæ: лингвистикæ æмæ йæ сæйраг хæйттæ; æвзаг æмæ ныхас, дзургæ æмæ фысгæ ныхас; монолог, диалог æмæ сæ хуызтæ; ныхасы уавæр; хуымæтæг ныхасы, наукон, публицистикон, официалон-хъуыддаджы стильтæ; аив литературæйы æвзаг, ныхасы функционалон хуызтæ (таурæгъон, æрфыстон, тæрхон), текст, текстты хуызтæ; æвзаджы сæйраг иуæгтæ, се 'ууæлтæ æмæ хицæндзинæдтæ, ныхасы мидæг сæ пайда кæнын;

4) ирон æвзаджы лексикæ æмæ фразеологийы нормæтæ зонын, ирон литературон æвзаджы нормæтæ (орфоэпион, лексикон, грамматикон, орфографион, пунктуацион) зонын, ныхасы этикетон нормæтæ зонын, раст сæ пайда кæнын;

5) æвзаджы сæйраг иуæгтæ æмæ грамматикон категоритæ зонын, иртасын сæ, ныхасы уавæртæм гæсгæ сæ раст пайда кæнын;

6) дзырды алыхуызон æвзæрстытæ (фонетикон, морфемикон, дзырдарæзтон, лексикон, морфологион) зонын, дзырдбаст æмæ хъуыдыйады синтаксисон æвзæрст, тексты иумæйаг æвзæрст кæнынмæ арæхсын;

7) лексикон æмæ грамматикон синонимтæ иртасын, хи ныхасы мидæг сæ пайда кæнын зонын;

8) мадæлон æвзаджы эстетикон функцитæ иртасын, аивадон литературон уацмысы текст æвзаргæйæ, ныхасы эстетикон ахуырст иртасын зонын.

***Скъоладзауты арæхстдзинæдтæ (компетенцитæ):***

*Коммуникативон компетенци* (арæхстдзинад) амоны, цæмæй скъоладзаутæ арæхсой ныхасы хуызтæй (дзургæ, фысгæ, хъусгæ) пайда кæнынмæ, ныхасы уавæртæм гæсгæ арæхсой сæ ныхас аразынмæ.

*Æвзагон æмæ лингвистикон арæхстдзинад (компетенци)* – зонын мадæлон æвзаджы наукон бындуртæ, ирон литературон æвзаджы нормæтæ; бакусын дзырдуат хъæздыг кæнынил, райсын грамматикон зонындзинæдтæ; æвзаджы иуæгтæн анализ кæнынмæ арæхсын, æвзаджы дзырдуæттæй пайда кæнын зонын.

*Культурæамонынады (культуроведческая) компетенци* – ирон æвзаг ирон адæмы культурæимæ зонгæ кæныны фæрæз кæй у, уый æнкъарын; æвзаджы бастдзинад истори æмæ адæмы культурæимæ зонын, ирон ныхасмы этикетон нормæтæ зонын, пайда кæнынмæ сæ арæхсын

Программæмæ гæсгæ, фыццаг хуызы арæхстдзинæдтæ (*коммуникативон арæхстдзинæдтæ)* скъоладзаутæм райрæздзысты, ныхасы рæзтыл бæлвырдæй чи фæзыны, уыцы фарстатæ ахуыр кæнгæйæ. Уыдон сты: «Ныхас æмæ йæ хуызтæ», «Ныхасы архæйдтытæ», «Текст», «Æвзаджы функционалон хуызтæ».

*Æвзагон æмæ лингвистикон арæхстдзинæдтæ* райрæздзысты æвзаджы хæйттæ «Æвзаджы тыххæй иумæйаг зонындзинæдтæ», «Фонетикæ æмæ орфоэпи», «Графикæ», «Морфемикæ æмæ дзырдарæзт», «Лексикологи æмæ фразеологи», «Морфологи», «Синтаксис», «Ныхасы культурæ», «Растфыссынад: орфографи æмæ пунктуаци» ахуыр кæнгæйæ.

*Æвзаджы фæрцы адæмы культурæимæ базонгæ уæвынæн* æххуыс у программæйы хай «Æвзаг æмæ культурæ», кæцыйы фæрцы æргомгонд цæудзысты æвзаджы бастдзинæдтæ истори æмæ адæмы культурæимæ.

6 –æм къласæн лæвæрд цæуы хицæн грамматикон категоритæ: фонетикæ, морфологи, синтаксис, лексикæ.

Орфографион æгъдауæй раст фыссынæн стыр пайда у дзырдтæн сæ арæзт зонын. Уымæ гæсгæ 6-æм къласы хъус уæлдай тынгдæр æрдарын хъæуы темæ «Дзырдарæзт» -мæ. Ныхасы хæйттæ ахуыргæнгæйæ арæхдæр хъæуы дзырдтæ анализ кæнын – ссарын дзырдæн йæ уидаг, æмуидаг дзыртæ йын æрхъуыды кæнын. Уый феххуыс уыдзæн дзырты растфыссынад хуыздæр бамбарынæн.

6 –æм къласы бахастон ивддзинад грамматикон категоритæ ахуыр кæнын фæткмæ: райдиан кълæсты рацыд æрмæг сфæлхат кæныны фæстæ ратдзынæн фонетикæ, стæй лексикæ, дзырдарæзт, синтаксис æмæ морфологи

***6 къласы ирон æвзаджы курсы мидис***

**Æрмæг фæлхат**

**Лексикæ æмæ фразеологи.** Лексикæ æмæ лексикологийы тыххæй æмбарынад. Ирон æвзаджы лексикæйы хъæздыгдзинад дзырдтæй. Дзырды бастдзинад æцæгдзинадимæ. Дзырды лексикон нысаниуæджы структурæ. Лексикон омоними æмæ йæ хуызтæ. Омонимты равзæрд. Омонимы бирæнысаниуæгæй дæр иртасыны фарст. Лексикон синоним æмæ йæ хуызтæ. Дзырдты синоними иртасыны фарст. Синонимты рæнхъ. Антонимтæ, сæ хуызтæ. Омонимтæй, синонимтæй, антонимтæй стилистикон æгъдауæй пайдакæнынад. Уырыссаг æвзагæй æрбайсгæ дзырдтæ. Диалектон æмæ ныхасыздæхтон дзырдтæ (диалектизмтæ), сæ дих къордтыл. Диалектизмтæй, профессионализмтæй, сывæллæтты лексикæйæ пайдакæнынад дзургæ æмæ фысгæ ныхасы. Зæронд дзырдтæ – архаизмтæ æмæ неологизмтæ, сæ хуызтæ. Архаизмтæй, историзмтæй æмæ неологизмтæй аивадон литературæйы стилистикон æгъдауæй пайдакæнынад. Нырыккон ирон æвзаг дзырдтæй хъæздыг кæныны фæрæзтæ. нæмттæ. Фразеологи æмæ фразеологизмты тыххæй æмбарынад. Фразеологизмы хицæндзинад дзырд æмæ дзырдбастæй. Ирон æвзаджы фразеологизмты дих сæ хæйтты æнгомдзинадмæ æмæ сæ равзæрдмæ гæсгæ. Фразеологизмты ахадындзинад дзургæ æмæ фысгæ ныхасы. Дзырдуæтты хуызтæ, сæ ахадындзинад. Ирон æвзаджы дзырдуæттæ: А. Шегрены, Вс.

Миллеры дзырдуæттæ, Абайты Васойы «Уырыссаг-ирон» æмæ «Историон-этимологион» дзырдуæттæ. Ирон-уырыссаг дзырдуæттæ. Термионологион, орфографион, æмбарынгæнæн,фразеологион,инверсиондзырдуæттæ.

**Морфемикæ. Дзырды хæйттæ.** Дæргъвæтин æмхъæлæсонты растфыссынаддзырды уидаджы, разæфтуан ны- йы фæстæ, фæсæфтуан – аг æмæ оны разæй.Морфемикæйы æмбарынад. Морфемæ куыд дзырды тæккæ къаддæр нысаниуæгджын хай. Дзырдты ивынад æмæ арæзт. Ииуидагон дзырдтæ. Бындур æмæ кæрон. Æрмæст кæрон. Уидаг, разæфтуан æмæ фæсæфтуаны хæстæ дзырды мидæг. Хъæлæсонты æмæ æмхъæлæсонты ивынад.

Дзырдты морфемон æвзæрст. Орфографи куыд æвзагзонынады хай.

Дзырдтæ хæйттыл дих кæнынмæ арæхсын. Алыхуызон разæфтуантæ æмæ фæсæфтуанты фæрцы арæзт дзыртæй раст пайда кæнын. Дзырдты растфыссынад орфографион дзырдуаты фæрцы бæрæг кæнын.

**Морфологи. Сæрмагонд æмæ æххуысгæнæг ныхасы хæйттæ.**

*Номдар* куыд ныхасы хай. Номдарты синтаксисон функцитæ хъуыдыйады. Удджын æмæ æнæуд предметтæ æвдисæг номдартæ. Æрмæст иууон æмæ æрмæст бирæон нымæцы чи вæййы, уыцы номдартæ, номдарты бирæон нымæц аразыны хицæндзинæдтæ, сæ растфыссынад. Номдарты хауæнты кæрæтты растфыссынад.

Сæрмагонд номдартæ.Стыр дамгъæ географион нæмтты, уынгты, фæзты, историон цауты нæмтты. Стыр дамгъæ æмæ дыкъæдзыгтæ чингуыты , газеты, журналты, нывты, кинонывты, спектаклты,литературон æмæ музыкалон уацмысты сæргæндты. Номдарты дзырдарæзт фæсæфтуантæ –**он, -дон, -д,-дзинад,** ***-ыстон*** æмæ разæфтуан ***æм***-ы руаджы.

Дзырдты морфологион æвзæрст.

*Миногон* куыд ныхасы хай. Миногоны синтакисон функцитæ хъуыдыйады. Миниуæгæвдисæг æмæ ахастæвдисæг миногонтæ. Миногонты бæрцбарæнтæ. Миногоны ивынад æнæ номдарæй. Миногонты дзырдарæзт фæсæфтуантæ æмæ разæфтуанты руаджы: - æг, он,-ын,-джын, ыккон, -гомау, æнæ-, æ-, æд-. Миногонты растфысынад, сæ морфологин æвзæрст.

*Нымæцон.*

Нымæцон куыд ныхасы хай. Нымæцоны стилистикон функцитæ. Бæрцон æмæ рæнхъон нымæцонтæ. Дæсгæйттæй нымад.

***Къалиндарон-тематикон пълантæ 6-æм къласæн***

| № | нымæц | Урочы темæ | сахат | Урочы хуыз | Ахуыры фæстиуджытæ (ФПАС-мæ гæсгæ) | | | Ахуырадон архæйдтытæ |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | **Предметон** | **Универсалон ахуырадон архæйдтытæ** | **Удгоймагон** | |
| **1.** | | **5-æм къласы рацыд æрмæг сфæлхат кæнын æмæ бафидар кæнын.**<br><br>**Фонетикæ.Дзырды хæйттæ фæлхат кæнын.**<br><br>**Æвзаг æмæ ныхасы тыххæй зонындзинæдтæ.** | 1 | Фæлхат кæныны урок. | Дзырд иу рæнхъæй иннæмæ хæссын. Хъæлæсонты æмæ æмхъæлæсонты растфыссынад. | **Коммуникативон:** ныхасмæхъусын, æмбарын æй; хи хъуыдытæ æргом кæнын ныхасы нысан æмæ уавæрмæ гæсгæ.<br>**Регулятивон:** хи архæйдтыты фæтк хибарæй сбæлвырд кæнын; хъæугæ информаци ссарын æмæ рахицæн кæнын.<br>**Базонæн**:Хъæлæсонты æмæ æмхъæлæсонты растфыссынад; зылангон æмæ æзылангон æмхъæлæсонты фембæлд дзырды райдиан æмæ уидаджы.<br>Дзырдтæн сæ арæзт; сæ мыртæ. | Раст фыссын æмæ раст дзурынил архайын. | Дзырдтæ орфограммæтæм гæсгæ агурын, орфограммæтæ раст æмбарын кæнын; дзырдты растфыссынады æгъдæуттæ. |
| **2.** | | **Лексикæ фæлхат кæнын.**<br><br>**Мадæлон æвзаг.** | 1 | Фæлхат кæныны урок. | Лексикæйы сæйраг æмбарынæдтæ. | **Коммуникативон:** ныхасмæхъусын, æмбарын æй; хи хъуыдытæ æргом кæнын ныхасы нысан æмæ уавæрмæ гæсгæ.<br>**Регулятивон:** хи архæйдтыты фæтк хибарæй сбæлвырд кæнын; хъæугæ информаци ссарын æмæ рахицæн кæнын.<br>**Базонæн**:<br>ирон æвзаджы дзырдты нысаниуæг, сæ мидис, ныхасы сæ пайда кæнын. | Мадæлон æвзаг ахуыр кæнынмæ тырнындзинад гуырын кæнын . | Рацыд æрмæджы фæдыл беседæ;<br>индивидуалон бафарст;<br>фронталон бафарст |
| **3.** | | **Дзырдарæзт**<br><br>**Афæдзы афонтæ. Фæззæг.** | 1 | Фæлхат кæныны урок. | Дзырдарæзты тыххæй рацыд æрмæг сфæлхат кæнын. | **Коммуникативон:** хи хъуыдытæ æргом кæнын ныхасы нысан æмæ уавæрмæ гæсгæ.<br>**Регулятивон:** хи архæйдтытæм хъус дарын.<br>**Базонæн:** Дзырдарæзты сæйраг мадзæлттæ ирон æвзаджы | Раст фыссын æмæ раст дзурынил архайын. | Дзырдты растфыссынады æгъдæуттæ. |

| | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| **4.** | | **Морфологи.**<br><br>**Ирыстоны истори.** | 1 | Фæлхат кæныны урок. | Морфологийы тыххæй рацыд æрмæг сфæлхат кæнын. | **Коммуникативон:** хи хъуыдытæ æргом кæнын ныхасы нысан æмæ уавæрмæ гæсгæ.<br>**Регулятивон:** хи архæйдтытæм хъус дарын.<br>**Базонæн:** Дзырдарæзты сæйраг мадзæлттæ ирон æвзаджы. | Ирон æвзаг ахуыр кæнынмæ разæнгарддзинад хъомыл кæнын . | Морфологион æвзæрстытæ, нывмæ гæсгæ куыст; дидактикон хъæзтытæ. |
| **5.** | | **Диктант грамматикон хæсимæ.**<br><br>**Рæдыдтытыл куыст** | 1 | Комбинарон урок контролон урочы элемент имæ. | Синтаксисы сæйраг иуæгтæ: | **Коммуникативон:** ныхасмæхъусын, æмбарын æй; хи хъуыдытæ æргом кæнын ныхасы нысан æмæ уавæрмæ гæсгæ.<br>**Регулятивон:** ахуырадон нысан æвæрын.<br>**Базонæн**:<br>хи ныхас раст рацаразын, проблемæ раст сбæрæг кæнын. | Мадæлон æвздаджы аивдзинад æнкъарын; орфографион нормæтæй пайда кæнынмæ тырнындзинад гуырын кæнын. | Кæрæдзийы куыстыты хæрзхъæддзинад бæрæг кæнын. |
| **6.** | | **Лексикæ æмæ фразеологи**<br><br>**Лексикæйы æмбарынад. Æппæтадæмон дзырдтæ.**<br><br>**Ирыстоны истори.** | 1 | Ног æрмæг амоныны урок. | Бацамонын дзырдты лексикон нысаниуæг. | **Коммуникативон:** искæй ныхасмæхъусын, аргъ ын кæнын; хи хъуыдытæ æргом кæнын ныхасы нысан æмæ уавæрмæ гæсгæ.<br>**Регулятивон:** хи архæйдтытæм хъус дарын.<br>**Базонæн**:<br>ирон æвзаджы дзырдты нысаниуæг, сæ мидис, ныхасы сæ пайда кæнын. | Эстетикон æнкъарæнтæ рæзын кæнын. | Дзургæ æмæ фысгæ ныхасы рæзтыл куыст. Къордты куыст, индивидуалон куыст. |
| **7.** | | **Диалектизмтæ. Профессионализмтæ. Архаизмтæ. Историзмтæ. Неологизмтæ.**<br><br>**Ирыстон.**<br>**Ирон æгъдæуттæ.**<br>**Ирыстоны истори.** | 1 | Комбинарон урок ныхасы рæзтыл кусыны урочы элементтимæ. | Диалектон æмæ профессионалон дзырдты æмбарынад. Бацамонын зæронд дзырдтæ æмæ историзмтæ, се мбарынæдтæ. Бацамонын ног дзырдтæ,неологизмтæ, се мбарынад. | **Коммуникативон:** хи хъуыдытæ æргом кæнын ныхасы нысан æмæ уавæрмæ гæсгæ.<br>**Регулятивон:** хи архæйдтытæм хъус дарын.<br>**Базонæн:** пайда кæнын профессионалон дзырдтæй ныхасы ,хицæн кæнын зоной тексты профессионалон æмæ диалектон дзырдтæ. | Индивидуалон куыст кæнынмæ æмæ къорды архайынмæ разæнгард кæнын.<br><br>Фыдыбæстæм уарзондзинад гуырын кæнын.<br><br>Раст фыссын æмæ раст дзурынысл архайын. | Рацыд æрмæджы фæдыл беседæ; индивидуалон бафарст; фронталон бафарст. Дзургæ æмæ фысгæ ныхасы рæзтыл куыст. Къордты куыст, индивидуалон куыст. Рацыд æрмæджы фæдыл беседæ; индивидуалон бафарст; фронталон бафарст. |

| | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| **8.** | | **Фразеологон дзырдбæстытæ.**<br><br>**Къоста – ирон адæмы стъалы.** | 1 | Ног æрмæг амоныны урок. | Бацамонын фразеологион дзырдбæстытæ. Сæ нысаниуæг æвзаджы. | **Коммуникативон:** искæй ныхасмæхъусын, аргъ ын кæнын; хи хъуыдытæ æргом кæнын ныхасы нысан æмæ уавæрмæ гæсгæ.<br>**Регулятивон:** хи архæйдтытæм хъус дарын.<br>**Базонæн**: Фразеологизмтæй пайда кæнын зонын æмæ арæхсын ныхасы æмæ фысгæ куыстыты. | Эстетикон æнкъарæнтæ гуырын кæнын. | Дзургæ æмæ фысгæ ныхасы рæзтыл куыст.<br>Къордты куыст, индивидуалон куыст. |
| 9. | | **Дзырдарæзт**<br><br>**Дзырдарæзт. Вазыгджын дзырдтæ.**<br><br>**Къоста – нывгæнæг. Ирыстон.** | 1 | Ног æрмæг амоныны урок<br><br>Зонындзин æдтæ фидар кæныны урок. | Бацамонын дзырдты аразыны мадзæлттæ ирон æвзаджы.<br>Вазыгджын дзырдты растфыссынад.<br>Дзырдтæ аразыны мадзæлттæ ирон æвзаджы.<br>Мырты ивынад дзырд аразгæйæ | **Коммуникативон:** нæхи хъуыдытæ æргом кæнын ныхасы нысан æмæ уавæрмæ гæсгæ.<br>**Регулятивон:** хи архæйдтыты фæтк хибарæй сбæлвырд кæнын; хъæугæ информаци ссарын æмæ рахицæн кæнын.<br>**Базонæн**:<br>хицæн бындуртæй ног дзырдтæ аразын. | Нывкæнынадмæ цымыдисдзинад æмæ уарзыны æнкъарæнтæ гуырын кæнын.<br>Фыдыбæстæм æмæ мадæлон æвзагмæ уарзондзинад гуырын кæнын. | Дзургæ æмæ фысгæ ныхасы рæзтыл куыст.<br>Къордты куыст, индивидуалон куыст.<br>Дзургæ æмæ фысгæ ныхасы рæзтыл куыст.<br>Къордты куыст, индивидуалон куыст. |
| 10. | | **Рацыд æрмæг фæлхат кæнын. Сочинени «Фæззæг».**<br><br>**Рæдыдтытыл куыст** | 1 | Ныхасы рæзтыл кусыны урок. | Рацыд æрмæг сфæлхат кæнын, фæцалх кæнын грамматикон æмбарынæдтæй ныхасы мидæг пайда. | **Коммуникативон:** нæхи хъуыдытæ æргом кæнын ныхасы нысан æмæ уавæрмæ гæсгæ.<br>**Регулятивон:** хи архæйдтыты фæтк хибарæй сбæлвырд кæнын; хъæугæ информаци ссарын æмæ рахицæн кæнын.<br>**Базонæн**: хи ныхас раст рацаразын. | Сфæлдыстадон куыст кæнынмæ тырнындзианд рæзын кæнын. | Дзургæ æмæ фысгæ ныхасы рæзтыл куыстытæ, предметы æрфыст цæттæ кæнын. |
| 11. | | **Дзырдарæзт. Вазыгджын дзырдты растфыссынад.** | 1 | Зоныдзин æдтæ фидар кæныны урок. | Бацамонын дзырдты аразыны мадзæлттæ ирон æвзаджы.<br>Вазыгджын дзырдты растфыссынад. | **Коммуникативон:** нæхи хъуыдытæ æргом кæнын ныхасы нысан æмæ уавæрмæ гæсгæ.<br>**Регулятивон:** хи архæйдтыты фæтк хибарæй сбæлвырд кæнын; хъæугæ информаци ссарын æмæ рахицæн кæнын.<br>**Базонæн**: дзырдты растфыссынад орфографион дзырдуаты фæрцы бæрæг кæнынмæ арæхсын. | Ирыстоны географи зонын æмæ ахуыр кæнын. | Рацыд æрмæджы фæдыл беседæ;<br>индивидуалон бафарст;<br>фронталон бафарст. |

| | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 12. | | **Дзырдарæзт.**<br><br>**Ирыстон.** | 1 | Урок-практикум. | Ныффидар кæнын зонындзинæдтæ дзырдты аразыны мадзæлттæй цы базыдтой, уый. | **Коммуникативон:** нæхи хъуыдытæ æргом кæнын ныхасы нысан æмæ уавæрмæ гæсгæ.<br>**Регулятивон:** хи архæйдтыты фæтк хибарæй сбæлвырд кæнын; хъæугæ информаци ссарын æмæ рахицæн кæнын.<br>**Базонæн**: зонын æмæ арæхсын раст æмæ хъуыдыгæнгæйæ фыссын. | Ирыстоны географи зонын æмæ ахуыр кæнын. | Рацыд æрмæджы фæдыл беседæ;<br>индивидуалон бафарст;<br>фронталон бафарст. |
| 13. | | **Диктант грамматикон хæсимæ.**<br><br>**Рæдыдтытыл куыст** | 1 | Комбинарон урок контролон урочы элементтимæ. | | **Коммуникативон:**<br>дзургæ æмæ фысгæ ныхасы хæрзхъæддзинадыл кусын.<br>**Регулятивон:**<br>ахуырадон архæйдтыты фæтк сбæрæг кæнын зонын.<br>**Базонæн:**<br>фысгæ æмæ дзургæ ныхас аразгæйæ æвзаджы æгъдæуттæм æмбаргæйæ хъус дарын. | Раст фыссын æмæ раст дзурыныл архайын. | Дзырдты морфемон æвзæрст. |
| **14.** | | **Морфологи.**<br>**Номдар.**<br><br>**Номдар. Номдарты дзырдарæзт.**<br><br>**Номдарты дзырдарæзт разæфтуантæ æмæ фæсæфтуанты руаджы.**<br><br>**Фыдæлты хæзнатæ.** | 1 | Ног æрмæг амоныны урок.<br>Урок-практикум. | Ныффидар кæнын зонындзинæдтæ номдарты дзырдарæзты тыххæй. Бацамонын номдарты дзырдарæзт разæфтуантæ æмæ фæсæфтуанты руаджыæмæ сæрастфыссынад. | **Коммуникативон;**<br>фæрстытæ æвæрын зонын быцæу кæнын зонын<br>хи хъуыдытæ æргом кæнын зонын.<br>**Регулятивон:**<br>ахуырадон архæйдтыты фæтк сбæрæг кæнын,<br>ахуыры фæстиуджытæ рагацау сбæрæг кæнын.<br>**Базонæн**: хи архæйдтыты рефлекси;<br>хи хъуыдытæ (зонындзинæдтæ) логикон æгъдауæй равæрын. | Иртасæн куыстытæ æххæст кæнынмæ тырнын<br>Фыдæлты хæзнатæн аргъ кæнын æмæ сæ бахъахъæнын.. | Номдарты морфологион анализ; номдарты л æнцой кæнгæйæ, ног тексттæ аразын.<br>Дзургæ æмæ фысгæ ныхасы рæзтыл куыстытæ. |
| **15.** | | **Номдарты дзырдарæзт дзырдтæ( бындуртæ ) кæрæдзимæ æфтауыны руаджы.**<br><br>**Улæфты рæстæг.** | 1 | Зонындзинæдтæ фидар кæныны урок. | Бацамонын номдарты дзырдарæзт дзырдтæ( бындуртæ ) кæрæдзимæ æфтауыны руаджы. | **Коммуникативон;**<br>фæрстытæ æвæрын зонын быцæу кæнын зонын<br>хи хъуыдытæ æргом кæнын зонын.<br>**Регулятивон:**<br>ахуырадон архæйдтыты фæтк сбæрæг кæнын,<br>ахуыры фæстиуджытæ рагацау | Раст фыссын æмæ раст дзурыныл архайын. | Дзырдтæн морфемон æвзæрст кæнын. |

| | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | | сбæрæг кæнын.<br>**Базонæн**:<br>Разæфтуантæ æмæ фæсæфтуанты фæрцы ног дзырдтæ аразын зонын . | | |
| **16.** | | **Цыбыргонд вазыгджын дзырдтæ.**<br><br>**Наукæ æмæ ахуырад.** | 1 | Ног æрмæг амоныны урок. | Бацамонынцыбыргонд вазыгджын дзырдтæ. | **Коммуникативон;**<br>фæрстытæ æвæрын зонын быцæу кæнын зонын<br>хи хъуыдытæ æргом кæнын зонын.<br>**Регулятивон:**<br>ахуырадон архæйдтыты фæтк сбæрæг кæнын,<br>ахуыры фæстиуджытæ рагацау сбæрæг кæнын.<br>**Базонæн**: зонын вазыгджын дзырдтæ аразын. | Мадæлон æвзаг ахуыр кæнынмæ тырнындзинад гуырын кæнын. | Дзургæ æмæ фысгæ ныхасы рæзтыл куыстытæ. |
| **17.** | | **Æндæр ныхасы хæйттæ номдарты ролы.**<br><br>**Удварны миниуджытæ.** | 1 | Ног æрмæг амоныны урок. | Бацамонын æндæр ныхасы хæйтты рахызт номдартæм. | **Коммуникативон:**<br>дзургæ æмæ фысгæ ныхасы хæрзхъæддзинадыл кусын.<br>**Регулятивон:**<br>ахуырадон архæйдтыты фæтк сбæрæг кæнын зонын.<br>**Базонæн:** ныхасы пайда кæнын номдар -миногонтæй æмæ сæ иртасын. | Хибарæй кусынмæ, хибарæй зонындзинæдтæ исынмæ тырнын. | Дзургæ æмæ фысгæ ныхасы рæзтыл куыстытæ. |
| **18.** | | **Номдары морфологион æвзæрст.** | 1 | Зонындзин æдтæ фидар кæныны урок. | Номдары тыххæй рацыд æрмæг сфæлхат кæнын. | **Коммуникативон:**<br>хи хъуыдытæ раргом кæнынæн цы æвзаджы иуæгтæ хъæуы, уый æмбарын, равзарын сæ зонын<br>**Регулятивон:**<br>ахуырадон архæйдтытæ бæлвырд кæнын, иу архайдæй иннæмæ рахизын зонын<br>**Базонæн**: рацыд орфограммæтæм гæсгæ дзырдтæ æвзарын, æнæ рæдыдæй фыссын;<br>арæхсын : морфологон æвзæрст кæнын æнæ къуыхцыйæ. | Хибарæй кусынмæ, хибарæй зонындзинæдтæ исынмæ тырнын. | Номдары морфологион æвзæрсты фæтк. |
| **19.** | | **Морфологи. Миногон Миногон (æрмæг фæлхат кæнын). Миногонты** | 1 | Фæлхат кæныны урок. | Миногоны тыххæй рацыд æрмæг сфæлхат кæнын.<br>Бацамонын миногонты | **Коммуникативон;**<br>фæрстытæ æвæрын зонын быцæу кæнын зонын<br>хи хъуыдытæ æргом кæнын | Ирон æвзаг ахуыр кæнынмæ разæнгарддзинад хъомыл кæнын . | Дзургæ æмæ фысгæ ныхасы рæзтыл куыстытæ. |

| | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | **дзырдарæзт разæфтуантæ æмæ фæсæфтуанты руаджы.**<br><br>**Удварны миниуджытæ**. | | | дзырдарæзт разæфтуантæ æмæ фæсæфтуанты руаджы. | зонын.<br>**Регулятивон:**<br>ахуырадон архæйдтыты фæтк сбæрæг кæнын,<br>ахуыры фæстиуджытæ рагацау сбæрæг кæнын.<br>**Базонæн**: хи архæйдтыты рефлекси;<br>хи хъуыдытæ (зонындзинæдтæ) логикон æгъдауæй равæрын. | Удварны миниуджытыл сæ ахуыр кæнын. | |
| **20.** | | **Миногонты дзырдарæзт разæфтуантæ æмæ фæсæфтуанты руаджы.**<br><br>**Удварны миниуджытæ.** | 1 | Зонындзин æдтæ фидар кæныны урок | Бацамонын миногонты дзырдарæзт дзырдтæ кæрæдзимæ æфтауыны фæрцы æмæ сæ растфыссынады æгъдæуттæ. | **Коммуникативон:**<br>дзургæ æмæ фысгæ ныхасы хæрзхъæддзинадыл кусын.<br>**Регулятивон:**<br>ахуырадон архæйдтыты фæтк сбæрæг кæнын зонын.<br>**Базонæн:** вазыгджын миногонтæ аразын æмæ сæ раст фыссын. | Удварны миниуджытыл сæ ахуыр кæнын. | Дзургæ æмæ фысгæ ныхасы рæзтыл куыстытæ. |
| **21.** | | **Миногонты дзырдарæзт дзырдтæ(бындуртæ) кæрæдзимæ æфтауыны руаджы.** | 1 | Ног æрмæг амоныны урок. | Бацамонын миногонты дзырдарæзт (бындуртæ) кæрæдзимæ руаджы. | **Коммуникативон;**<br>фæрстытæ æвæрын зонын быцæу кæнын зонын<br>хи хъуыдытæ æргом кæнын зонын.<br>**Регулятивон:**<br>ахуырадон архæйдтыты фæтк сбæрæг кæнын,<br>ахуыры фæстиуджытæ рагацау сбæрæг кæнын.<br>**Базонæн**: вазыгджын миногонтæ аразын æмæ сæ раст фыссын. | Хи ныхасы хъæд аивдæр кæнынмæ тырнын. | Къордты куыст, индивидуалон куыст. |
| **22.** | | **Номдарты рахызт миногонтæм.** | 1 | Зонындзин æдтæ фидар кæныны урок. | Бацамонын номдарты рахызт миногонтæм. | **Коммуникативон:**<br>дзургæ æмæ фысгæ ныхасы хæрзхъæддзинадыл кусын.<br>**Регулятивон:**<br>ахуырадон архæйдтыты фæтк сбæрæг кæнын зонын.<br>**Базонæн:** миногонтæй пайда кæнын зонын æмæ хи хъуыдытæ миногонты фæрцы фыссын. | Эстетикон æнкъарæнтæ гуырын кæнын. | Морфологон æвзæрсты фæтк. |
| **23.** | | **Рацыд æрмæг фæлхат кæнын. Изложени.** | 1 | Ныхасы рæзтыл кусыны урок. | Рацыд æрмæг сфæлхат кæнын, фæцалх кæнын грамматикон æмбарынæдтæй ныхасы мидæг пайда | **Коммуникативон:** хи хъуыдытæ æргом кæнын ныхасы нысан æмæ уавæрмæ гæсгæ.<br>**Регулятивон:** хи хъуыдытæ раргом кæнынæн хъæугæ | Сфæлдыстадон куыст кæнынмæ тырнындзианд рæзын кæнын. | Дзургæ æмæ фысгæ ныхасы рæзтыл куыстытæ. |

| | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | **Рæдыдтытыл куыст** | | | кæныныл. | дзырдтæ ссарын.<br>**Базонæн**: хибарæй архайын, архæйдтыты хæрзхъæддзинад бæрæг кæнын. | | |
| **24.** | | **Нымæцон**<br>**Нымæцон (æрмæг фæлхат кæнын).**<br>**Ирон нымады хуызтæ.**<br>**Фыдæлты зæхх.** | 1 | Фæлхат кæныны урок. | Нымæцоны тыххæй рацыд æрмæг сфæлхат кæнын. Ироннымады хуызтæ. | **Коммуникативон;**<br>фæрстытæ æвæрын зонын быцæу кæнын зонын хи хъуыдытæ æргом кæнын зонын.<br>**Регулятивон:**<br>ахуырадон архæйдтыты фæтк сбæрæг кæнын,<br>ахуыры фæстиуджытæ рагацау сбæрæг кæнын.<br>**Базонæн**: дыууæ нымады хуызæй дæр нымайын; фыссынмæ арæхсын. | Фыдыбæстæм æмæ мадæлон æвзагмæ уарзондзинад гуырын кæнын. | Къордты куыст, индивидуалон куыст. |
| **25.** | | **Нымæцонты арæзт.**<br>**Бæрцон æмæ рæнхъон нымæцонты тасындзæг.**<br>**Æрдз- нæ алыварс.** | 1 | Ног æрмæг амоныны урок. | Ныффидар кæнын зонындзинæдтæ нымæцонты арæзты тыххæй. | **Коммуникативон:**<br>дзургæ æмæ фысгæ ныхасы хæрзхъæддзинадыл кусын.<br>**Регулятивон:**<br>ахуырадон архæйдтыты фæтк сбæрæг кæнын зонын.<br>**Базонæн:** хуымæтæг нымæцонтæй вазыгджын æмæ амад нымæцонтæ аразын. | Хи ныхасы хъæд аивдæр кæнынмæ тырнын.<br>Ирон æвзаг ахуыр кæнынмæ разæнгарддзинад хъомыл кæнын. | Дзургæ æмæ фысгæ ныхасы рæзтыл куыстытæ.<br>Къордты куыст, индивидуалон куыст. |
| **26.** | | **Дихон нымæцонтæ.**<br>**Æрдз æмæ адæймаг.** | 1 | Ног æрмæг амоныны урок. | Ныффидар кæнын зонындзинæдтæдихон нымæцонты тыххæй. | **Коммуникативон;**<br>фæрстытæ æвæрын зонын быцæу кæнын зонын хи хъуыдытæ æргом кæнын зонын.<br>**Регулятивон:**<br>ахуырадон архæйдтыты фæтк сбæрæг кæнын,<br>ахуыры фæстиуджытæ рагацау сбæрæг кæнын.<br>**Базонæн**: дихон нымæцонтимæ хъуыдыйæдтæ арæхсын. | Удварны миниуджытыл сæ ахуыр кæнын. | Кæрæдзийы куыстыты хæрзхъæддзинад бæрæг кæнын. |
| **27.** | | **Мурон нымæцонтæ.**<br>**Æрдз- нæ алыварс.** | 1 | Зонындзинæдтæ фидар кæныны урок. | Ныффидар кæнын зонындзинæдтæмурон нымæцонты тыххæй. | **Коммуникативон:**<br>дзургæ æмæ фысгæ ныхасы хæрзхъæддзинадыл кусын.<br>**Регулятивон:** | Удварны миниуджытыл сæ ахуыр кæнын. | Дзургæ æмæ фысгæ ныхасы рæзтыл куыстытæ. |

| | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | | ахуырадон архæйдтыты фæтк сбæрæг кæнын зонын.<br>**Базонæн**: мурон нымæцонтимæ хъуыдыйæдтæ .арæхсын. | | |
| **28.** | | **Контролон диктант.**<br><br>**Рæдыдтытыл куыст** | 1 | Комбинарон урок контролон урочы элементтимæ. | Ныффидар кæнын зонындзинæдтæнымæцонты тыххæй. | **Коммуникативон:**<br>дзургæ æмæ фысгæ ныхасы хæрзхъæддзинадыл кусын.<br>**Регулятивон:**<br>ахуырадон архæйдтыты фæтк сбæрæг кæнын зонын.<br>**Базонæн:**<br>фысгæ æмæ дзургæ ныхас аразгæйæ æвзаджы æгъдæуттæм æмбаргæйæ хъус дарын | Раст фыссын æмæ раст дзурыныл архайын. | Фысгæ ныхасы рæзтыл куыстытæ. |
| **29.** | | **Номивæг**<br><br>**Номивæг (æрмæг фæлхат кæнын).**<br><br>**Бæрæгбонтæ.( Ног аз)** | 1 | Фæлхат кæныны урок. | Номивæджы тыххæй рацыд æрмæг сфæлхат кæнын. | **Коммуникативон;**<br>фæрстытæ æвæрын зонын<br>быцæу кæнын зонын<br>хи хъуыдытæ æргом кæнын зонын.<br>**Регулятивон:**<br>ахуырадон архæйдтыты фæтк сбæрæг кæнын,<br>ахуыры фæстиуджытæ рагацау сбæрæг кæнын.<br>**Базонæн**: номивджыты грамматикон æууæлтæ. | Раст фыссын æмæ раст дзурыныл архайын. | Къордты куыст, индивидуалон куыст. |
| **30.** | | **Номивджыты нысаниуæг æмæ сæ сæйраграмматикон æууæлтæ.**<br>**Номивджыты дих сæ нысаниуæгмæ гæсгæ.**<br><br>**Адæймаг æмæ æрдз.** | 1 | Ног æрмæг амоныны урок. | Ныффидар кæнын зонындзинæдтæномивджыты дих сæ нысаниуæгмæ гæсгæ. | **Коммуникативон:** хи хъуыдытæ æргом кæнын ныхасы нысан æмæ уавæрмæ гæсгæ.<br>**Регулятивон:** хи хъуыдытæ раргом кæнынæн хъæугæ дзырдтæ ссарын.<br>**Базонæн**: номивджыты цыбыр формæтимæ хъуыдыйæдтæ аразын. | Мадæлон æвзаг ахуыр кæнынмæ тырнындзинад гуырын кæнын. | Дзургæ æмæ фысгæ ныхасы рæзтыл куыстытæ. |
| **31.** | | **Цæсгомон номивджытæ.**<br><br>**Адæймаг æмæ цæрæгой.** | 1 | Ног æрмæг амоныны урок. | Ныффидар кæнын зонындзинæдтæ цæсгомон номивджыты тыххæй. | **Коммуникативон:**<br>дзургæ æмæ фысгæ ныхасы хæрзхъæддзинадыл кусын.<br>**Регулятивон:**<br>ахуырадон архæйдтыты фæтк сбæрæг кæнын зонын.<br>**Базонæн:** цыбыр номивджытæ раст фыссын. | Ирон æвзаг ахуыр кæнынмæ разæнгарддзинад хъомыл кæнын. | Кæрæдзийы куыстыты хæрзхъæддзинад бæрæг кæнын. |

| | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| **32.** | | **Здæхгæ номивджытæ. Амонæн номивджытæ.**<br><br>**Цæрæгойты дуне.**<br><br>**Мæргъты дуне.** | 1 | Ног æрмæг амоныны урок. | Ныффидар кæнын зонындзинæдтæ здæхгæ номивджыты тыххæй. | **Коммуникативон:** хи хъуыдытæ æргом кæнын ныхасы нысан æмæ уавæрмæ гæсгæ.<br>**Регулятивон:** хи хъуыдытæ раргом кæнынæн хъæугæ дзырдтæ ссарын.<br>**Базонæн**: здæхгæ номивджытæн тасындзæггæнгæйæ нæй номон хауæны формæ. | Цæрæгойты дунемæ разæнгарддзинад хъомыл кæнын . Цæрæгойты дунемæ разæнгарддзинад хъомыл кæнын. | Къордты куыст, индивидуалон куыст. Дзургæ æмæ фысгæ ныхасы рæзтыл куыстытæ. |
| **33.** | | **Рацыд æрмæг фæлхат кæнын. Изложени.** | 1 | Ныхасы рæзтыл кусыны урок. | Ныффидар кæнын зонындзинæдтæ номивджыты тыххæй. | **Коммуникативон:**<br>дзургæ æмæ фысгæ ныхасы хæрзхъæддзинадыл кусын.<br>**Регулятивон:**<br>ахуырадон архæйдтыты фæтк сбæрæг кæнын зонын.<br>**Базонæн:**<br>фысгæ æмæ дзургæ ныхас аразгæйæ æвзаджы æгъдæуттæм æмбаргæйæ хъус дарын | Раст фыссын æмæ раст дзурыныл архайын. | Фысгæ ныхасы рæзтыл куыстытæ. |
| **34.** | | **Фарстон – ахастон номивджытæ.**<br><br>**Ӕрдз æмæ адæймаг.** | 1 | Ног æрмæг амоныны урок. | Ныффидар кæнын зонындзинæдтæ фарстон – ахастонномивджыты тыххæй. | **Коммуникативон:** хи хъуыдытæ æргом кæнын ныхасы нысан æмæ уавæрмæ гæсгæ.<br>**Регулятивон:** хи хъуыдытæ раргом кæнынæн хъæугæ дзырдтæ ссарын.<br>**Базонæн**: номивæджы хицæн хуызтæй хъуыдыйады раст пайда кæнын, цавды нысан сыл раст æвæрын. | Ирон æвзаг ахуыр кæнынмæ разæнгарддзинад хъомыл кæнын. | Къордты куыст, индивидуалон куыст. |
| **35.** | | **Бæлвырд номивджытæ.**<br><br>**Ӕрдз æмæ адæймаг.** | 1 | Ног æрмæг амоныны урок | Ныффидар кæнын зонындзинæдтæ бæлвырд номивджыты тыххæй. | **Коммуникативон:**<br>дзургæ æмæ фысгæ ныхасы хæрзхъæддзинадыл кусын.<br>**Регулятивон:**<br>ахуырадон архæйдтыты фæтк сбæрæг кæнын зонын.<br>**Базонæн:** номивæджы хицæн хуызтæй хъуыдыйады раст пайда кæнын, цавды нысан сыл раст æвæрын. | Ирон æвзаг ахуыр кæнынмæ разæнгарддзинад хъомыл кæнын. | Дзургæ æмæ фысгæ ныхасы рæзтыл куыстытæ. |
| **36.** | | **Ӕбæлвырд номивджытæ.** | 1 | Ног æрмæг амоныны урок | Ныффидар кæнын зонындзинæдтæ æбæлвырд номивджыты тыххæй. | **Коммуникативон:**<br>дзургæ æмæ фысгæ ныхасы хæрзхъæддзинадыл кусын.<br>**Регулятивон:** | Раст фыссын æмæ раст дзурыныл архайын. | Къордты куыст, индивидуалон куыст. |

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | **Мæргъты дуне.** | | | | ахуырадон архæйдтыты фæтк сбæрæг кæнын зонын.<br>**Базонæн:**<br>зонын æмæ арæхсын æппæрццæг номивджытæй пайда кæнын ныхасы. | | |
| **37.** | | **Æппæрццæг номивджытæ.**<br><br>**Мæргъты дуне.** | 1 | Ног æрмæг амоныны урок. | Ныффидар кæнын зонындзинæдтæ æппæрццæг номивджыты тыххæй. | **Коммуникативон:** хи хъуыдытæ æргом кæнын ныхасы нысан æмæ уавæрмæ гæсгæ.<br>**Регулятивон:** хи хъуыдытæ раргом кæнынæн хъæугæ дзырдтæ ссарын.<br>**Базонæн**:зонын растфыссынады æгъдæуттæ æмæ арæхсын номивджытæ раст фыссынмæ. | Мæргъты дунемæ разæнгарддзинад хъомыл кæнын. | Морфологон æвзæрсты фæтк. |
| **38.** | | Рацыд æрмæг фæлхат кæнын. **Изложени.**<br><br>**Рæдыдтытыл куыст** | 1 | Ныхасы рæзтыл кусыны урок. | Рацыд æрмæг сфæлхат кæнын, фæцалх кæнын грамматикон æмбарынæдтæй ныхасы мидæг пайда кæнынил. | **Коммуникативон:** хи хъуыдытæ æргом кæнын ныхасы нысан æмæ уавæрмæ гæсгæ.<br>**Регулятивон:** хи хъуыдытæ раргом кæнынæн хъæугæ дзырдтæ ссарын.<br>**Базонæн**: хибарæй архайын, архæйдтыты хæрзхъæддзинад бæрæг кæнын. | Сфæлдыстадон куыст кæнынмæ тырнындзианд рæзын кæнын. | Номивджытимæ хъуыдыйæдтæ аразын; изложении ныффыссын. |
| **39.** | | **Мивдисæг**<br><br>**Мивдисæг (æрмæг фæлхат кæнын).**<br><br>**Афæдзы афонтæ(зымæг)** | 1 | Фæлхат кæныны урок. | Мивдисæджытыххæй рацыд æрмæг сфæлхат кæнын. | **Коммуникативон;**<br>фæрстытæ æвæрын зонын быцæу кæнын зонын<br>хи хъуыдытæ æргом кæнын зонын.<br>**Регулятивон:**<br>ахуырадон архæйдтыты фæтк сбæрæг кæнын,<br>ахуыры фæстиуджытæ рагацау сбæрæг кæнын.<br>**Базонæн**: ифтындзæг кæнын иууон æмæ бирæон нымæцты. | Хибарæй кусынмæ, хибарæй зонындзинæдтæ исынмæ тырнын. | Дидактикон хъазт; дзырдбыдтæ æххæст кæнын; тексты анализ. |
| **40.** | | **Хуымæтæг æмæ вазыгджын мивдисджытæ.**<br><br>**Зайæгойты дуне.** | 1 | Ног æрмæг амоныны урок. | Ныффидар кæнын зонындзинæдтæ хуымæтæг æмæ вазыгджын мивдисджыты тыххæй. | **Коммуникативон:**<br>дзургæ æмæ фысгæ ныхасы хæрзхъæддзинадыл кусын.<br>**Регулятивон:**<br>ахуырадон архæйдтыты фæтк сбæрæг кæнын зонын.<br>**Базонæн:** хуымæтæг мивдисджытæй вазыгджынтæ | Хибарæй кусынмæ, хибарæй зонындзинæдтæ исынмæ тырнын. | Къордты куыст, индивидуалон куыст. |

| | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | | аразын. | | |
| **41.** | | **Рацыд ærмæг фæлхат кæнын. Изложени.**<br><br>**Рæдыдтытыл куыст** | 1 | Ныхасы рæзтыл кусыны урок | Ныффидар кæнын зонындзинæдтæ мивдисджыты тыххæй. | **Коммуникативон:** хи хъуыдытæ æргом кæнын ныхасы нысан æмæ уавæрмæ гæсгæ.<br>**Регулятивон:** хи хъуыдытæ раргом кæнынæн хъæугæ дзырдтæ ссарын.<br>**Базонæн**: фысгæ æмæ дзургæ ныхас аразгæйæ æвзаджы æгъдæуттæм æмбаргæйæ хъус дарын | Раст фыссын æмæ раст дзурыныл архайын. | Фысгæ ныхасы рæзтыл куыстытæ. |
| **42.** | | **Мивдисæджы æбæлвырд формæ.**<br><br>**Бæрæгбонтæ.**<br><br>**Сылгоймæгты æппæтдунеон бон.** | 1 | Ног æрмæг амоныны урок. | Ныффидар кæнын зонындзинæдтæ мивдисджыты æбæлвырд формæйæ. | **Коммуникативон;**<br>фæрстытæ æвæрын зонын быцæу кæнын зонын<br>хи хъуыдытæ æргом кæнын зонын.<br>**Регулятивон:**<br>ахуырадон архæйдтыты фæтк сбæрæг кæнын,<br>ахуыры фæстиуджытæ рагацау сбæрæг кæнын.<br>**Базонæн**: зонын æмæ арæхсынæбæлвырд формæйы мивдисджытæй ног мивдисджытæ аразынмæ. | Ирон æвзаг ахуыр кæнынмæ разæнгарддзинад рæзын кæнын. | Къордты куыст, индивидуалон куыст. |
| **43.** | | **Мивдисджыты разæфтуантæ.**<br><br>**Æрдз – нæ алыварс.** | 1 | Ног æрмæг амоныны урок. | Ныффидар кæнын зонындзинæдтæ мивдисджыты разæфтуанты тыххæй. | **Коммуникативон:** хи хъуыдытæ æргом кæнын ныхасы нысан æмæ уавæрмæ гæсгæ.<br>**Регулятивон:** хи хъуыдытæ раргом кæнынæн хъæугæ дзырдтæ ссарын.<br>**Базонæн**: разæфтуанты фæрцы архайдæн йе здæхт æмæ йæ миниуджытæ æвдисынмæ арæхсын. | Ирон æвзаг ахуыр кæнынмæ разæнгарддзинад рæзын кæнын. | Фысгæ ныхасы рæзтыл куыстытæ. |
| **44.** | | **Мивдисджыты разæфтуантæ.**<br><br>**Афæдзы афонтæ(уалдзæг)** | 1 | Зонындзин æдтæ фидар кæныны урок. | Ныффидар кæнын зонындзинæдтæ мивдисджыты разæфтуанты тыххæй. | **Коммуникативон;**<br>фæрстытæ æвæрын зонын быцæу кæнын зонын<br>хи хъуыдытæ æргом кæнын зонын.<br>**Регулятивон:**<br>ахуырадон архæйдтыты фæтк | Хи ныхасы хъæд аивдæр кæнынмæ тырнын. | Кæрæдзийы куыстыты хæрзхъæддзинад бæрæг кæнын. |

| | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | | сбæрæг кæнын,<br>ахуыры фæстиуджытæ рагацау сбæрæг кæнын.<br>**Базонæн**: разæфтуанты фæрцы архайдæн йе здæхт æмæ йæ миниуджытæ æвдисынмæ арæхсын. | | |
| **45.** | | **Мивдисæджы хуызтæ**<br><br>**(æххæст/æнæххæст).**<br><br>**Æрдз – нæ алыварс.** | 1 | Ног æрмæг амоныны урок. | Ныффидар кæнын зонындзинæдтæ мивдисджыты **(æххæст/ æнæххæст)** хуызты тыххæй. | **Коммуникативон:**<br>дзургæ æмæ фысгæ ныхасы хæрзхъæддзинадыл кусын.<br>**Регулятивон:**<br>ахуырадон архæйдтыты фæтк сбæрæг кæнын зонын.<br>**Базонæн:**иртасын зонын æххæст æмæ æнæххæст мивдисджытæ кæрæдзийæ. | Иртасæн куыстытæ æххæст кæнынмæ тырнын. | Къордты куыст, индивидуалон куыст. |
| **46.** | | **Рацыд æрмæг фæлхат кæнын. Нывмæ гæсгæ сочинени.**<br><br>**Рæдыдтытыл куыст** | 1 | Ныхасы рæзтыл кусыны урок. | Рацыд æрмæг сфæлхат кæнын, фæцалх кæнын грамматикон æмбарынæдтæй ныхасы мидæг пайда кæнынъл. | **Коммуникативон:** хи хъуыдытæ æргом кæнын ныхасы нысан æмæ уавæрмæ гæсгæ.<br>**Регулятивон:** хи хъуыдытæ раргом кæнынæн хъæугæ дзырдтæ ссарын.<br>**Базонæн**:<br>хи ныхас раст рацаразын. | Сфæлдыстадон куыст кæнынмæ тырнындзианд рæзын кæнын. | Дзургæ æмæ фысгæ ныхасы рæзтыл куыстытæ, предметы æрфыст цæттæ кæнын. |
| **47.** | | **Мивдисæджы здæхæнтæ.**<br><br>**Ирыстоны хæхтæ.** | 1 | Ног æрмæг амоныны урок. | Ныффидар кæнын зонындзинæдтæ мивдисджыты здæхæнты тыххæй. | **Коммуникативон:**<br>дзургæ æмæ фысгæ ныхасы хæрзхъæддзинадыл кусын.<br>**Регулятивон:**<br>ахуырадон архæйдтыты фæтк сбæрæг кæнын зонын.<br>**Базонæн:** мивдисджыты орфограммæтæ тексты мидæг агурын æмæ æмбарын кæнын. | Хи ныхасы хъæд аивдæр кæнынмæ тырнын. | Кæрæдзийы куыстыты хæрзхъæддзинад бæрæг кæнын. |
| **48.** | | **Мивдисæджы ифтындзæг фæдзæхстон здæхæны.**<br><br>**Ирыстоны цæугæдæттæ.** | 1 | Комбинарон урок ныхасы рæзтыл куысты элементтимæ. | Ныффидар кæнын зонындзинæдтæ мивдисджыты ифтындзæг фæдзæхстонздæхæны тыххæй. | **Коммуникативон:**<br>дзургæ æмæ фысгæ ныхасы хæрзхъæддзинадыл кусын.<br>**Регулятивон:**<br>ахуырадон архæйдтыты фæтк сбæрæг кæнын зонын.<br>**Базонæн:** фæдзæхстонздæхæны мивдисджытæ æвзарын æмæ раст фыссын. | Хи ныхасы хъæд аивдæр кæнынмæ тырнын. | Къордты куыст, индивидуалон куыст. |
| **49.** | | **Контролон диктант** | 1 | Комбинарон урок контролон | Контролон диктант афæдзы дæргъырацыд æрмæгæй грамматикон | **Коммуникативон:**<br>дзургæ æмæ фысгæ ныхасы хæрзхъæддзинадыл кусын. | Раст фыссын æмæ раст дзурыныл архайын. | Рацыд æрмæджы фæдыл беседæ;<br>индивидуалон бафарст; |

| | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | **Рæдыдтытыл куыст** | | урочы элементтимæ. | хæсимæ. | **Регулятивон:** ахуырадон архæйдтыты фæтк сбæрæг кæнын зонын. **Базонæн:** фысгæ æмæ дзургæ ныхас аразгæйæ æвзаджы æгъдæуттæм æмбаргæйæ хъус дарын. | | фронталон бафарст. Кæрæдзийы куыстыты хæрзхъæддзинад бæрæг кæнын. |
| **50.** | | **Афæдзы дæргъы цы æрмæг сахуыр кодтой, уый фæлхат кæнын.** | 2 | | Рацыд æрмæг сфæлхат кæнын, хи ныхасы мидæг рацыд æвзаджы иуæгтæй пайда кæныныл ахуыр кæнын; рæдыдтытæ раст кæныныл архайын. | **Коммуникативон:** дзургæ æмæ фысгæ ныхасы хæрзхъæддзинадыл кусын. **Регулятивон:** ахуырадон архæйдтыты фæтк сбæрæг кæнын зонын. **Базонæн:** фысгæ æмæ дзургæ ныхас аразгæйæ æвзаджы æгъдæуттæм æмбаргæйæ хъус дарын. | Хи ныхасы хъæд аивдæр кæнынмæ тырнын. | Рацыд æрмæджы фæдыл беседæ; индивидуалон бафарст; фронталон бафарст. Кæрæдзийы куыстыты хæрзхъæддзинад бæрæг кæнын. |
| | | **Æдæппæтæй** | **51** | | | | | |

***Уæлæмхасæн æрмæг.***

*Ахуыргæнæн чиныг:*

Ирон æвзаджы чиныг 6-æм къласæн. Кокайты Л.Х.. – Дзæуджыхъæу: 2021, «СЕМ».

*Ахуыргæнæн уæлæмхасæн æрмæг скъоладзаутæн:*


1. Майрæмыхъуаты Ф.А., Текстыл куыст ирон æвзаджы уроктыʼ»: Дзæуджыхъæу, ИПО СОИГСИ, 2011.

2. Гуæцæлты Л.Б., Санаты Р.Р. Ирон æвзаджы практикум. Пунктуаци. Дзæуджыхъæу, «Перо и кисть», 2002.

3. Куыдзойты А.Ф. Ирон æвзаджы практикум. Орфографи. Дзæуджыхъæу, ЦИПУ-йы рауагъдад, 2002.

4. Уалыты Т.И., Джусойты К.Г, Дзытиаты Э.З. Ирон æвзаг æмæ кæсыны уроктæм хæслæвæрдтæ. Дзæуджыхъæу, «Олимп», 2006.

5. Безаты Ф.Г. Уæлæмхасæн ахуыргæнæн æрмæг ирон æвзаджы уроктæм. Дзæуджыхъæу, «Олимп», 2008.


*Методикон æрмæг ахуыргæнæгæн:*


1. Майрæмыхъуаты Ф.А. Скъоладзауты изложени фыссынмæ цæттæ кæныныны методикæ. Дзæуджыхъæу, «Олимп», 2009.

2. Майрæмыхъуаты Ф.А. Сочинени фыссынмæ цæттæгæнæн куыст. Дзæуджыхъæу, ИПО СОИГСИ, 2011


**Перечень рекомендуемых интересных осетинских сайтов.**

- http://sevos.ru Электронная версия газеты "Северная Осетия"
- http://www.ugo-osetia.ru "Южная Осетия" - общественно-политическая газета Республики Южная Осетия.
- http://www.darial-online.ru/ Электронная версия журнала "Дарьял". Все номера. Интересная библиотека
- http://fidiuag.osetia.su/ Журнал "Фидиуаег" на осетинском языке.
- http://osinform.ru/ Сайт ИА ОСинформ Государственной телерадиокомпанией «Ир» Республики Южная Осетия. Оперативное предоставление объективной информации, по Южной и Северной частей Осетии.
- http://zilahar.narod.ru/ РЦИ-Аланийы адæмон газет "Рæстдзинад"-ы фæсивæдон æмæ спортивон рауагъды электрон хуыз .Электронная версия молодежно-спортивного выпуска народной газеты РСО-Алания "Растдзинад"

- http://www.iriston.com/ Проект патриотов Осетии. Много интересной информации.
- http://www.osradio.ru/ Интереснейший и очень полезный проект юго-осетинских энтузиастов. Возможность смотреть осетинские фильмы, спектакли видеоклипы и слушать осетинское радио.
- http://www.irontv.ru/ На сайте можно посмотреть или скачать итоговый выпуск новостей телекомпании "АЛАНИЯ" за текущий день.
- http://www.dukani.ru/ Интернет-магазин. Возможность купить интересные книги, аудио- и видео записи осетинских музыкантов, работы художников и многое другое.
- http://lingvo.osetia.ru/ Очень интересный, насыщенный и полезный сайт для изучающих осетинский язык самостоятельно. Проект старшего преподавателя Санкт-Петербургского Государственного университета, уроженца Владикавказа, Вячеслава Иванова.
- http://allingvo.ru/ Сайт Юрия Дряева для изучающих осетинский язык. Осетинско-русский и русско-осетинский словари для программы Lingvo. Тексты для чтения со словарем. Коллекция осетинских песен с текстами.
- http://abetae.ru/ JAVA -дзырдуат. Закачай в свой телефон осетинско-русский словарь. БЕСПЛАТНО
- http://iratta.com Очень интересный и содержательный сайт. Осетия - Алания. Аланы. Владикавказ.
- http://www.nataabaeva.com Для любителей живописи. Интересный сайт молодой художницы
- Натальи Абаевой
- http://alanvakfi.org.tr/index.asp Сайт турецких осетин (информация дается на турецком языке).
- http://www.region15.ru/ Новости, разнообразная информация, музыка.
- http://osetiny.ru/ Разнообразная информация об осетинском интернете и полезные ссылки.
- http://www.osagrotour.ru/ Информация для людбителей сельского и горного туризма.
- http://baragbonta.ru Об осетинских праздниках на родном языке.
- http://oldvladikavkaz.ru/ Сайт"Старый Владикавказ"
- http://abe87.narod.ru/ Осетинские песни и мелодии.
- http://fond-hadonova.ru "Яблоко Нартов". Благотворительный фонд профессора З.М Хадонова
- http://www.mol-sport.ru/ **Интересный сайт министерства по делам молодежи, физкультуры и спорта Республики Северная Осетия-Алания**
- http://tabol.nm.ru/ **Сайт Сергея Таболова об осетинском народе.**
- http://www.osetins.com/ **Проект "Осетия и осетины" Батраза Хугаева**
- http://titus.uni-frankfurt.de/texte/etcs/iran/niran/oss/nart/nart.htm **Нартские сказания на иронском и дигорском, с возможностью чтения при помощи латинского алфавита.**
- http://xurzarin.ru **Юго-Осетинская общественно-политическая газета "Хурзарин"**
- http://www.iriston.ru **Сайт осетинской диаспоры.**
- http://ossetia.ru/ **Новости Северной и Южной Осетии. Другая разнообразная информация.**
- http://osetia.tv **Видео об Осетии: последние новости, различные передачи, фильмы, интервью, спортивные события.**
- http://www.yoo.ru/ **Молодежь Осетии**
- http://genocide-in-ossetia.com/ **Материалы о геноциде народа Южной Осетии и событиях августа 2008 года.**
- http://www.fondnasledie.narod.ru/ **Фонд сохранения и популяризации нартского эпоса и других источников культурного наследия осетинского народа.**
- http://aors.narod.ru/ **История и культура Осетии**
- http://cominf.org/ **Сайт Государственного комитета по информации и печати Республики Южная Осетия**
- http://artarv.iriston.com/ **Арт-проект Вадима Пухаева о искусстве Осетии**
- http://www.osetia.ru/~toma/ **История, культура и традиции осетин. Проект Томы Кулаевой.**

- http://www.anaharsis.ru/ **История, культура, искусство, религия. Проект Валерия Цагараева.**

  http://www.travelvlad.com/ **Интересный и красочно оформленный сайт для любителей путешествий на Юг и горного туризма.**